

KONEKSYON

Yon Bilten pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County

SIPÈNTANDAN LEKÒL ALBERTO CARVALHO, MANM KOMISYON KONSÈY LEKÒL DISKITE VIZYON YO POU ANE LEKÒL K AP VINI AN

Manm Komisyon Konsèy Lekòl te angaje nan yon sesyon pou an vizyone e diskite avèk Sipèntandan Alberto M. Carvalho priyorite yo nan prepare pou ane lekòl ki ap vini an, nan yon reyinyon nan Doubletree Hotel apremidi a. Carvalho devwale nouvo pwogram ak pwosedi amelyore ki fèt espesifikman pou pi byen sèvi elèv ak moun ki konsène nan Lekòl Leta Miami-Dade County, e pou li mete anplas travay debaz pou yon Plan Estratejik distri pou senk ane, 2014 rive 2019.

Carvalho prezante manm Komisyon Konsèy yo 52 nouvo pwogram chwa ak magnet, ki gen ladan AP/Capstone, Cambridge, Syans, Matematik, Enfòmasyon ak Atizay. Li gen ladan dizuit nouvo Lekòl Cambridge ak 10 nouvo Pwogram "Capstone". Pwogram magnet yo vize matye ki gen pou wè ak "STEM", ki gen ladan "Geospatial Information Systems" (Sistèm Enfòmasyon sou Espas), "iCode", (Sistèm Enfòmasyon Entegre) Jeni, Biyoloji Konsèvasyon, Anviwònman ak Syans Agrikilti, e Planifikasyon Resous Antrepris. Yo ofri kèk pwogram an patenarya avèk kolèj ak inivèsite, menm jan ak ajans syans. Yon amelyorasyon sou aplikasyon magnet ak yon seleksyon nan yon sistèm aza ap ede administratè yo rapidman pou jere devlopman nan pwogram magnet la, e ogmante aksè elèv, avèk eklèsiman e transparans.

Nouvo patenarya nan edikasyon pou gwoup espesifik ak lekòl nan Distri a ki gen ladan:

- Kolabore avèk endistri teknoloji yo pou ofri fòmasyon, estaj e opòtinite pou elèv ki gen Otis;
- Kreye yon enstiti pou pwofesè espesyalize pou ofri opòtinite fòmasyon nan endistri touristik pou endividi ki gen andikap, an kolaborasyon ak Lekòl Ospitalite e Jesyon Touristik nan FIU;
- Ogmante aksè pou depistaj ak sèvis edikasyon ak dyagnostik pou timoun laj fèt fèt rive katran ane, e agrandisman Sant FIU pou Tmoun ak Fanmi yo nan pwogram kolaboratif pou edikasyon paran ak estrateji pou jesyon konduit destriktif nan salklas.
- Fè patenarya avèk FIU ak Konpayi Lennar pou ranfòse Akademi Jeni e kreye Akademi Astwonmi nan Lekòl Segondè Booker T. Washington.

Sipèntandan Carvalho prezante tou mezi espesifik ki fèt pou ede elèv ak fanmi yo avèk devouman akademi yo ki gen ladan:

- Yon Pwojè Anbasadè pou Tanzisyon Jadendanfan pou ede timoun ki ap soti nan sant aprantisaj prive pou ale nan salklas "Miami Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County);
- Ofri chak timoun yon "advocate" (defans) lekòl, yon "Antrenè pou Siksè" pou edantifye fòs ak feblès elèv la;
- Estaj pou elèv atravè Fondasyon Akademi Nasyonal pou asiste elèv nan prepare pou kolèj ak karyè nan nouvo ekonomi global.
- Sant Sèvis Edikasyonèl e Kominote Yon Sèl Kote pou ofri asistans nan plizyè ajans pou jèn ki nan risk ki bezwen devlopman emosyonèl, sosyal, santé, pèsònèl, ak karyè;

- Yon Defi Milyon Dola pou Afabetize Kominote a, sipòte anviwònman fanmi pozitif e alfabetize pou pwomote devlopman elèv.
- Yon pwogram ki ekipe paran avèk konesans ak ladrès pou pran avantaj sou opòtinite bous.

Reyinyon an te gen ladan tou yon revizyon bidjè distri lekòl la ak pwojè fon yo soti nan Bon Obligasyon Jeneral votè nan Miami-Dade te apwouve a, ki gen ladan 201 pwojè nan premye twa ane yo, e yon lòt 76 pwojè pou 3,4 e 5 ane ki akselere pou ane k ap vini an.

Transfòmasyon dijital distri a deja kòmanse, ak yon kantite rekò 10,000 tablo entèratif "Promethean" yo ap enstale nan ane k ap vini an, e enstalasyon Wi-Fi ap konplè kat ane davans nan mwayèn nasyonal la. Plis pase 100,000 aparèy elektwonik, ki gen ladan, òdinatè laptop e tablets, pral disponib pou elèv pou ba yo aksè liv sou Entènèt ak kontni dijital.

Pami lòt amelyorasyon yo, Carvalho anonse:

- Prepare pwofesè pou tranzisyon soti nan FCAT pou ale nan estanda Florid atravè pwogram pwofesyonèl espesifye, etou yon kanpay enfòmasyon piblik pou ede paran konprann nouvo estanda yo;
- Anplwaye nouvo pwofesè ki pi efikas;
- Ajiste fonksyon Distri a pou sèvi elèv yo pi byen e "fè tout bagay pou timoun yo".
- Yon "app" (aplikasyon) mobil pou ede kenbe paran, elèv anplwaye ak kominote a enfòm sou enfòmasyon enpòtan, ki gen ladan orè klas ak enfòmasyon bis, ijans, fèmèn lekòl ak evènman ki pral fèt;
- Sistèm peman pi fasil ki pèmèt paran pou sèvi ak kat kredi pou peye sèvis nesèsè pou elèv.
- Yon inisyativ redui papye ki fèt pou redui sèvi ak papye a 75 pousan;
- Rann li pi fasil pou suiv pwojè mentmans atravè yon tablo dijital;
- Kreye yon pwogram "carpool" (kondui an gwoup) pou fasilite anplwaye Distri a nan yon aplikasyon mobil;
- Rann pi fasil e amelyore yon sistèm pou konpayi rete okouran e prezante òf pou kontra sou Entènèt;
- Yon ekip Prevansyon (fwòd) pou ede redui vòl nan sistèm swen sante anplwaye yo;
- Antrenè Byennèt nan chak lekòl pou pwomote aktivite byennèt pami anplwaye.
- Sant Medikal "UHealth" nan Lekòl Segondè Miami Jackson – Yon andwa ki ofri yon seri sèvis pou byennèt sante ki ap ofri swen sante prevantif pou anplwaye M-DCPS;
- Yon komite sekirite andwa travay pou ofri yon anviwònman travay amelyore pou anplwaye.

Nouvo pwogram ak pwosedi yo pral ofri plis chwa ak meye sèvis bay elèv ak moun ki konsène nan M-DCPS pandan ane lekòl k ap vini an.

PAKE ENFÒMASYON SOU OUVÈTI LEKÒL LA DISPONIB POU PARAN SOU ENTÈNÈT

Pou ede paran yo nan preparasyon pou lekòl la, Distri a poste Pake Enfòmasyon sou Ouvèti Lekòl la sou Entènèt nan <http://news.dadeschools.net/toolkit1415.htm>. Pake enfòmasyon an gen enfòmasyon kle sou divès sijè, tankou lekòl chwa, anwòlman doub, demann pou gradyasyon, rive sou patisipasyon paran ak sekirite nan lekòl. Elèv kapab benefisye de enfòmasyon ki nan pake sa a, e paran kapab sèvi avèk yo tou pou chèche konnen dat enpòtan ak règ sou edikasyon pitit yo.

M-DCPS LANSE APLIKASYON MOBIL POU PARAN, ELÈV, ANPLWAYE

Lekòl Leta Miami-Dade County lanse resamman yon nouvo aplikasyon mobil pou ofri paran, elèv, ak anplwaye aksè pi rapid sou enfòmasyon ki ajou konsènan lekòl. Aplikasyon Mobil "Dadeschools" la disponib kounye a pou telechaje GRATIS pou aparèy "iPhone" ak "Android."

Aplikasyon mobil la prezante:

- Orè pou klas elèv ak enfòmasyon sou wout otobis
- Lis tout lekòl leta nan Miami-Dade selon kalite lekòl la
- Enfòmasyon sou lekòl ki gen ladan sit Entènèt lekòl la, foto, adrès lekòl, nimewo telefòn, enskripsyon, koulè lekòl, ak orè lekòl
- Fonksyonalite pou kontakte lekòl atravè telefòn oubyen adrès elektwonik
- Abilite pou wè pozisyon lekòl sou yon kat
- Abilite pou voye tèks, lèt elektwonik oubyen mesaj "Twitter" sou enfòmasyon konsènan lekòl
- Abilite pou resevwa notifikasyon ki soti nan M-DCPS
- Enfòmasyon konsènan Kòporasyon Fondasyon pou Nouvo Inisyativ nan Edikasyon (FNEI)
- Sèvi avèk non itilize ak modpas pou antre nan Pòtal "Dadeschools" pou resevwa enfòmasyon pèsonalize ki apwopriye pou paran, elèv, e anplwaye

Paran, elèv ak anplwaye ka jwenn tou enfòmasyon konsènan pwogram Pote Pwòp Aparèy Ou (BYOD) ki gen ladan ki aparèy ki kalifye e kijan pou konekte nan lekòl ou.

Yo ap ajoute lòt fonksyon atravè ane lekòl la. Silvouplè vizite www.dadeschools.net sou aparèy mobil ou a pou w ka ouvri aplikasyon an.

NIMEWO TELEFÒN YO RELE PI SOUVAN

Sèvis Prezans	305-883-5323
Enfòmasyon Jeneral	305-995-1000
Sant Enfòmasyon pou Sitwayen	305-995-1128
Akademi Paran	305-995-2680
Volontè Lekòl	305-995-2995
Transpòtasyon	305-234-3365

DAT POU NOU SONJE

18 out	Premye Jou Lekòl
1 septanm	Fèt Travay
25 septanm	Jou pou Pwofesè Fè Planifikasyon
24 oktòb	Jou pou Pwofesè Fè Planifikasyon

PLIS LEKÒL M-DCPS RESEVWA NÒT PÈFÒMANS 'A' KONPARE AK ETA A, AK LÒT GWO DISTRI

Sipèntandan Lekòl yo Alberto M. Carvalho anonse gen 43 pousan lekòl elementè, K-8 ak mwayen Lekòl Leta Miami-Dade County (M-DCPS) resevwa yon Nòt Pèfòmans Lekòl "A," pandan sèlman senk pousan resevwa yon "F," selon enfòmasyon ki soti jodi a nan "Florida Department of Education (FLDOE)" (Depatman Edikasyon Florid).

Rapò a montre tou gen pi gwo pousantaj lekòl M-DCPS ki resevwa Nòt Pèfòmans Lekòl "A" konpare a eta a ak lòt gwo distri.

Pousantaj lekòl ki resevwa Nòt Pèfòmans Lekòl "A" ogmante nan M-DCPS de uit pwen pousantaj, ki depase eta a ak gwo distri, ki gen ladan Broward, Duval ak Palm Beach.

Amelyorasyon sa yo te fèt malgre kantite egzajere Elèv ki ap Aprann Anglè ak konsantrasyon elèv defavorize nan M-DCPS.

Yo enfòmatisize Nòt Pèfòmans Lekòl 2013-2014 yo nan itilize rezilta FCAT 2.0 pou Lekti, Matematik, Syans, ak Redaksyon; ak egzamen fen-kou yo. Nòt yo pibliye jodi a gen ladan pwen chak lekòl nan Florid fè nan konpozant Egzamen Evalyasyon Konpreyansif Florid (FCAT).

PWOCHEN REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

3 septanm	11:00 dimaten	Reyinyon Regilye
	6:00 diswa	Dezyèm Odyans Piblik sou Bidjè e Adopsyon Final Taks sou Pwopriyete ak Bidjè Anyèl 2014-2015, Apwobasyon Rapò Finansye Anyèl 2013-2014 e Apwobasyon Rezolisyon Final sou Bidjè 2013-2014

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Madan Perla Tabares Hantman, Chèmann
Doktè Martin Karp, Vis Chèmann
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall
Susie V. Castillo
Carlos L. Curbelo
Doktè Lawrence S. Feldman
Doktè Wilbert "Tee" Holloway
Doktè Marta Pérez
Raquel A. Regalado

Alberto M. Carvalho
Sipèntandan Lekòl yo

Julian Lafaurie

Konseye Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la

Se Biwo Relasyon Piblik ki Pwodui Bilten sa a
Daisy Gonzalez-Diego
Ofisye Anchèf Kominikasyon

